

SHONA

Shona Translation

Pane chinhu chiri kushaikwa

Vanhu vazhinji vanonzwa kuti pane chinhu chiri kushaikwa muupenyu. Vanoshanda nesimba. Vanoedza kuvaka upenyu hwakanaka. Asi pane chinhu chisina kunaka, uye havazivi kuti chii. Vamwe vanofunga kuti mari yakawanda ichachigadzirisa. Vamwe vanofunga kuti imba iri nani kana basa riri nani richachigadzirisa. Zvinhu izvi zvakanaka, asi hazvigadzirisi chiri kunyatsokanganisika. Chiri kushaikwa ndiElohim. Wakasikwa kuti umuzive. Kusvikira wamuziva, chimwe chinhu chicharamba chichishaikwa.

Sei tiri kure naElohim

Munhu wese akatadza. Iwe wakatadza, neniwo ndakatadza. Chivi kuenda nenzira yako pachinzvimbo chenzira yaElohim. Munhu wese anoita izvi. Chivi chinotiparadzanisa naElohim, sorusvingo rwakamira pakati pedu. Haukwanisi kuputsa rusvingo urwu uri wega. Haukwanisi kuva akanaka zvakanakwana. Haukwanisi kushanda nesimba zvakanakwana. Haukwanisi kuripira chivi chako.

Zvakaitwa naElohim

ENGLISH REFERENCE

English translation

Something is missing

Many people feel that something in life is missing. They work hard. They try to build a good life. But something is still not right, and they do not know what it is. Some people think more money will fix it. Some think a better house or a better job will fix it. These things are good, but they do not fix what is wrong. What is missing is Elohim. You were made to know Him. Until you know Him, something will always be missing.

Why we are far from Elohim

Every person has sinned. You have sinned and so have I. Sin is going your own way instead of Elohim's way. Every person does this. And sin separates us from Elohim, like a wall standing between us. You cannot break down this wall yourself. You cannot be good enough. You cannot work hard enough. You cannot pay for it.

What Elohim did

Elohim anokuda. Haana kukusiya uri kure Naye. Elohim akatuma Mwanakomana Wake, Jesu Kristu. Jesu akaberekwa nemhandara Maria. Haana kumbotadza. Jesu akafa pamuchinjikwa. Akatora chirango chechivi chako. Akafa panzvimbo yako nokuti anokuda. Pazuva rechitatu, Elohim akamutsa Jesu kubva kuvakafa. Jesu mupenyu nhasi. Ndiye Ishe. Elohim akada nyika zvikuru zvokuti akapa Mwanakomana Wake mumwe chete, kuti ani naani anotenda maari arege kufa asi ave noupenyu husingaperi. Elohim haana kutuma Mwanakomana Wake kuti atonge nyika, asi kuti nyika iponeswe kubudikidza Naye.

Jesu ndiye mhinduro

Shamwari, Jesu anokuda zvikuru. Ane hanya newe. Anoda kuti umuzive uye anoda kuva chikamu cheupenyu hwako mazuva ose.

Zvaunofanira kuita

Ruponeso chipo. Haukwanisi kurutenga kana kurushandira. Asi unofanira kurugamuchira. Bhaibheri rinoti unoponeswa nenyasha, nokutenda. Hazvibvi kwauri — chipo chaElohim. Hazvibvi pane zvawakaita, kuti pasava nomunhu anozvirumbidza.

Tendeuka kubva kuchivi

Udza Elohim kuti wakatadza. Muudze kuti une urombo. Sarudza nhasi kurega kufamba nenzira yako.

Tenda

Tenda kuti Jesu akafira chivi chako uye kuti Elohim akamumutsa kubva kuvakafa.

Gamuchira Jesu salshe

Elohim loves you. He did not leave you far from Him. Elohim sent His Son, Jesus Christ. Jesus was born of the virgin Mary. He never sinned. Jesus died on the cross. He took the punishment for your sin. He died in your place, because He loves you. On the third day, Elohim raised Jesus from the dead. Jesus is alive today. He is Lord. Elohim loved the world so much that He gave His only Son, so that everyone who believes in Him will not die but will have life forever. Elohim did not send His Son to condemn the world, but to save the world through Him.

Jesus is the answer

Friend, Jesus loves you very much. He cares about you. He wants you to know Him, and He wants to be part of your life every day.

What you must do

Salvation is a gift. You cannot buy it or earn it. But you must receive it. The Bible says you are saved by grace, through faith. It is not your own doing — it is Elohim's gift. It does not come from anything you have done, so no one can boast about it.

Turn away from sin

Tell Elohim you have sinned. Tell Him you are sorry. Decide today to stop going your own way.

Believe

Believe that Jesus died for your sin and that Elohim raised Him from the dead.

Receive Jesus as Lord

Kumbira Jesu kuti auye muupenyu hwako. Paunoti Jesu “Ishe,” uri kuzvipa kwaari. Zvose zvauro nezvose zvaunazvo zvino ndeZvake. Ndiye Tenzi wako zvino, uye uchamutevera. Bhaibheri rinovimbisa kuti kana ukataura nomuromo wako kuti Jesu ndilshe uye ukatenda mumwoyo mako kuti Elohim akamumutsa kubva kuvakafa, uchaponeswa. Nomwoyo munhu anotenda uye anoitwa akarurama pamberi paElohim, uye nomuromo munhu anopupura uye anoponeswa. Paunoita izvi, Elohim anokuregerera. Anokubudisa murima achikuisa muchiedza Chake. Unova mwana Wake, uye uchararama Naye nokusingaperi.

Munyengetero weruponeso

Ishe Jesu, ndinoziva kuti ndiri mutadzi. Ndapota ndiregererei zvivi zvangu zvose uye mundichenese. Ndine urombo nokufamba nenzira yangu. Nhasi ndinotendeuka kubva kuchivi changu uye ndinotendeukira Kwamuri. Ndinotenda kuti makandifira pamuchinjikwa. Ndinotenda kuti Elohim akakumutsai kubva kuvakafa uye kuti muri mupenyu nhasi. Ndapota uyai mugare mumwoyo mangu. Ivai Ishe noMuponesi woupenyu hwangu. Zvose zvandiri nezvose zvandinazvo zvino ndeZvenyu. Ndinokutendai nokundifira pamuchinjikwa. Ndinokutendai nokundiunza kuna Elohim, Baba vangu. Ndimi Ishe wangu noMuponesi wangu. Amen.

Unogona kuva nechokwadi nokutenda

Kana wanyengetera munyengetero uyu uchireva mashoko acho, zvino uri mwana waElohim. Haufaniri kuramba uchishamisika. Haufaniri kutanga wanzwa chimwe chinhu. Elohim akavimbisa, uye Elohim haarevi nhema. Bhaibheri rinoti zvinhu izvi zvakanyorerwa imi munotenda muMwanakomana waElohim, kuti muzive kuti mune upenyu husingaperi.

Zvino chii?

Ask Jesus to come into your life. When you call Jesus “Lord,” you are giving Him yourself. All that you are and all that you have now belong to Him. He is your Master now, and you will follow Him. The Bible promises that if you say with your mouth that Jesus is Lord and believe in your heart that Elohim raised Him from the dead, you will be saved. It is with the heart that a person believes and is made right with Elohim, and with the mouth that a person confesses and is saved. When you do this, Elohim forgives you. He brings you out of darkness into His light. You become His child, and you will live with Him forever.

The prayer of salvation

Lord Jesus, I know that I am a sinner. Please forgive me for all my sin and make me clean. I am sorry for going my own way. Today I turn away from my sin and I turn to You. I believe You died on the cross for me. I believe Elohim raised You from the dead, and that You are alive today. Please come and live in my heart. Be the Lord and Saviour of my life. All that I am and all that I have now belong to You. Thank You for dying on the cross for me. Thank You for bringing me to Elohim My Father. You are my Lord and my Saviour. Amen.

You can be sure by faith

If you prayed this prayer and meant it, you are now a child of Elohim. You do not have to wonder. You do not have to feel it. Elohim has promised, and Elohim does not lie. The Bible says these things were written to you who believe in the Son of Elohim, so that you may know that you have life forever.

What now

Wagamuchirwa mumhuri yaElohim! Udza mumwe mutendi zvawakaita. Tsvaga kereke iri pedyo newe inodzidzisa Bhaibheri muchokwadi uye uende ikoko. Sangana navamwe vatendi vachakubatsira nokukurudzira. Verenga Bhaibheri. Tanga nebhuku rajohani. Taura naElohim mazuva ose — ndiwo munyengetero. Elohim akuropafadze. Rangarira kuti Jesu anokuda zvikuru.

Bhaibheri: Johani 3:16–17; VaEfeso 2:8–9; VaRoma 10:9–10; 1 Johani 5:13.

Welcome to Elohim's family! Tell another believer what you have done. Find a church near you that teaches the Bible truly and go there. Meet other believers who will help you and encourage you. Read the Bible. Start with the book of John. Talk to Elohim every day — that is what prayer is. Elohim bless you. Remember that Jesus loves you very much.

Scripture references: John 3:16–17; Ephesians 2:8–9; Romans 10:9–10; 1 John 5:13.